

DSA sipòte 47 ministè Katolik  
nan kominote lokal nou an..  
Anba a nap jwenn twa egzanp sou fason  
jenerozite ou sipòte pwogram vital sa yo.



#### Charite Katolik (Caritas)

Charite Katolik sipòte plis pase 7,000 moun ak fanmi nan zòn lokal nou an atravè 12 pwogram ak ministè ki gen ladan distribisyon manje, travay ak sivivan trafik moun, bay gadyen pou granmoun aje yo, sèvis prevansyon pou moun ki san kay ki gen ladan lwaye ak sèvis publik asistans, konsèy sante mantal, gwosès, swen, sèvis legal imigrasyon, ak lojman tranzisyon pou fanmi ki san kay. Lè nou bay sèvis sa yo nan kominote nou an, dyosèz la pote espwa bay moun ki nan bezwen yo.


#### Fòmasyon Pwofesyonèl

Finansman ki resevwa nan men donasyon yo sipòte fòmasyon, resous, lojman ak depans seminaris yo, ki pral beni pawas yo nan Dyosèz Palm Beach la. Lè nou sipòte mesye sa yo, yo pral asire ministè sakreman alavnì. Fòmasyon dyak pèmanan yo, atravè etid, lapriyè ak preparasyon moun ak pastoral, DSA a sipòte sa yo tou.



#### Edikasyon Katolik

Filantropik ou a sipòte vitalite kontinye nan 20 lekòl Katolik nou yo, ak plis pase 6,000 elèv yo anseye pa 500 edikatè devwe. Nan devlope don, talan ak lafwa elèv yo, lekòl yo ap chèche prepare lidè ak jeran kreyen yo kòm limyè espwa pou Legliz tan kap vini an. Finansman sipòte devlopman pwofesyonèl, pwogram edikasyon, fòmasyon lafwa ak asistans lekòl nan senk konte yo.



Konsidere vin yon patnè DSA  
**DIOCESAN SERVICES APPEAL**  
**PARTNERS**



Donatè ki montre jenewozite lidèchip ki pwomèt \$1,000  
oswa plis yo envite pou yo vin patnè DSA.



Lè ou pwomèt  
\$2,500 oswa plis



Lè ou pwomèt  
\$5,000 oswa plis



Lè ou pwomèt  
\$10,000 oswa plis



Lè ou pwomèt  
\$25,000 oswa plis

#### Fason pou nou bay

Chèck/Lapòs  
Bay sou intènèt  
Donatè Konseye Fon  
Don Veyikil

Kredi kat  
Aksyon  
IRA Distribisyon  
Pwopriyete Pèsonèl

Debi dirèk  
Kado Matche  
Imobiliye

Sèvi ak kamera ou isit  
la pou bay sou entènèt!



Pou bay oswa pou plis enfòmasyon:  
**DIOCESEPB.ORG/DSA oswa (561) 775-9590**

#### Dyosèz Palm Beach

9995 N. Military Trail • P.O. Box 109650 / Palm Beach Gardens, FL 33410-9650  
(561) 775-9590 • Fax (561) 799-9527 • DIOCESEPB.ORG/DSA

“Kòm Papa a voye m se konsa  
mwen voye nou.” – Jan 20:21



2022 Apèl Sèvis  
Dyosèz Palm Beach



## Frè ak Sè m yo nan Kris la:

Mwen kontan pataje ak nou tèm Apèl Sèvis Dyosezyen 2022 a "Jan Papa a voye m , se konsa mwen voye nou" (Jn 20:21). Jezi di pawòl sa yo ak apot li yo apre Rezirèksyon an pandan l ap mete misyon pou simaye Bon Nouvèl la nan men yo.

Menm jan ak apot yo, nou rele tou pou nou preche bòn nouvèl la lè nou ap montre lafwa nou ak bon aksyon nou bay mond lan. Youn nan fason pou nou montre lafwa nou se lè nou sipòte biwo ak ministè Dyosèz Palm Beach la atravè Apèl pou Sèvis Dyosèz la. Donasyon DSA rete nan Dyosèz la, yo finanse 47 inisyativ Katolik nan senk rejyon nou yo. Finansman an pwoteje moun ki pi vilnerab pamí nou yo, depi timoun ki poko fèt pou rive nan granmoun aje yo, bay manje pou moun ki grangou nan kominote nou an, soutni lekòl Katolik nou yo, sipòte seminaris nou yo kap prepare pou prètriz la, ak anpil lòt bagay ankò.

Lè w sipòte DSA a, ou pral ede fè yon gwo diferans, pou sa mwen ap pwofondman rekonesan. Jenerozite w ap kenbe tradisyon nou nan pataje ak pote espwa bay lòt moun. Mwen priye w, pou ou ka konsidere bay yon donasyon pou DSA a. Patisipasyon w nan apèl la se yon pati enpòtan nan kapasite nou pou bay sèvis pou dyosèz nou an ak pou moun ki nan bezwen yo. Epi pi plis toujou, mwen mande nou pou nou lapriyè pou siksè DSA a, menm si ou pa kapab kontribye nan moman sa a. Kòm yo voye nou, nou tout fè pati fanmi lafwa a.

Ak tout volonté lapriyè, mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito Evèk Palm Beach

# DSA bay sipò l a ministè sa yo kap kontinye sèvi...

Ane pase a, Apèl Sèvis Dyosezyen an te ranmase plis pase \$9,400,000 pou finanse pwogram esansyèl reliye, charitab ak edikasyonel , epitou bay sipò administratif kontinyèl pou kominote Katolik lokal la.



### Charite Katolik (Caritas)

Pwogram Anti-Trafik Moun/  
Pwogram Bakhita Otonòm  
Sant Swen Gwosès  
Birthline/Lifeline  
Konsèy  
Dezas Rekiperasyon

Afè Granmoun  
Zafè grangou, Moun ki san  
kay ak sansabilizasyon  
Sèvis Legal /Imigrasyon  
Sante ak Byennèt entèrelifye  
Ministè Sosyal Pawasyal

Ministè Prizon  
Reyenstalasyon Refijye  
Respekte Lavi  
Sèvis Relèv  
Sant Samariten/Lojman Tranzisyon  
Solisyon gwosès fanm yo

### Edikasyon Katolik ak Fòmasyon Lafwa

Ministè Campus  
Sipèntandan Lekòl yo  
Sipò pou Lekòl Katolik  
Edikasyon reliye

### Kominikasyon

Biwo Kominikasyon  
Jounal Florida Catholic  
Lanmès Katolik Televize

### Ministè Kiltirèl

Sant ak Ministè Panyòl yo  
Sant ak Ministè Ayisen yo

### Sèvis Sipò Dyosezyen

Biwo Evèk la  
Biwo Chanselye a  
ak Vikè Jeneral  
Biwo Sèvis Kanonik  
ak Tribunal  
Biwo Litiji


Vikè pou reliye yo  
Resous imen  
Teknoloji enfòmasyon  
Biwo Konstriksyon ak

### Maryaj ak Lavi Fanmiy

Lavi Fanmiy  
Ministè jèn yo

### Vokasyon, seminè ak fòmasyon dyakonat

Fòmasyon prèt  
Fòmasyon dyakonal  
Dyak Pèmanan



- █ 32% Sèvis Sipò
- █ 19% Katolik Charite (Caritas)
- █ 13% Edikasyon Katolik ak Fòmasyon Lafwa
- █ 12% Ministè Kiltirèl
- █ 9% Vokasyon, Seminè ak fòmasyon dyakonat
- █ 9% Maryaj ak Lavi Fanmiy
- █ 6% Kominikasyon